# QARAQALPAQ TILI HÁM ÁDEBIYAT

**1.** Muǵallim eki toparǵa bólingen oqıwshılardıń **dawıslı sesler boyınsha** jazǵan jumısınan **sanlar menen kórsetilgen sózlerdi nadurıs dep bahaladı**. Muǵallim olarǵa qanday tapsırma bergen edi?

| **1-topar:** | **2-topar:** |
|---|---|
| Úyrek, túlki, **(1)qasqır**, jolbarıs, uzaqsha, **(2)tırna**. | **(1)kiyik**, túye, qoraz, **(2)hárre**, torǵay, ulıw. |

A) **Eki toparǵa da birdey tapsırma berilgen, yaǵnıy erinlik dawıslı sesleri bar sózlerdi jazıw.**

B) *Eki toparǵa da birdey tapsırma berilgen bolıp, eziwlik dawıslı sesleri bar sózlerdi jazıw.*

C) *1-toparǵa: jińishke dawıslı sesleri bar sózlerdi; 2-toparǵa: juwan dawıslı sesleri bar sózlerdi jazıw.*

D) *1-toparǵa: juwan dawıslı sesleri bar sózlerdi; 2-toparǵa: jińishke dawıslı sesleri bar sózlerdi jazıw.*

Fonetikalıq bilimler menen birge logikalıq pikirlewdi talap etetuǵın test tapsırması. Mısal kórinisindegi test tapsırmasındaǵı muǵallim tárepinen qoyılǵan wazıypanı dıqqat penen oqıw kerek. Oqıwshılardıń muǵallim tárepinen qoyılǵan tapsırmanı orınlaǵan jumısların jaqsılap úyreniw talap etiledi. Muǵallim tárepinen nadurıs dep bahalanǵan hám durıs dep tabılǵan sózlerdegi dawıslı seslerdiń sıpatlamasına dıqqat awdarılǵanda durıs juwaptı anıqlaw múmkin boladı.

**Durıs juwap: A**

**Derek:** E.Berdimuratov hám basq. Qaraqalpaq tili. 5-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2020-j. 16-21-b.

**2.** Aytılıwında keyingi dawıslı sestiń aldıńǵı dawıssız seske tásir etiwi qaysı gáptegi sózler aralıǵında ushırasadı?

A) **Shaǵırayısıp turǵan aq altın kózdiń jawın aladı.**

B) *Baqshadaǵı gúllerdiń jaǵımlı iyisi murnıńdı jaradı.*

C) *Izinde qosshısı joq námálim kisi awılǵa qaray kiyatır.*

D) *Jumabay azan menen aw-qayıq tayarlawǵa kiristi.*

Orfoepiya hám únleslik nızamı boyınsha bilim, kónlikpe hám uqıplılıq talap etiledi. ***Aq altın*** sózin aytqanımızda dawıslı sestiń tásiri nátiyjesinde onnan aldın kelgen ***q*** únsiz dawıssız sesi únli ***ǵ*** jubayına aylanadı, yaǵnıy ***aǵ altın*** tárizinde.

**Durıs juwap: A**

**Derek:** M.Dáwletov hám basq. Qaraqalpaq tili. 6-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2017-j. 14-b.

**3.** Sharwashılıq kásibinde mallardıń arıqlawı mánisin bildiretuǵın sóz qaysı gápte qollanılǵan?

A) **Jaqsılıqtıń názerinde, qoradaǵı mallar qısqa waqıtta kóteremlep ketkendey.**

B) *Shamambet atanıń sawlıq qoyları ayrıqsha itibar menen baǵılmaqta.*

C) *Gúzgi jawınnıń saldarınan jipgileń bolǵan, janıwarlarǵa bul da jaǵımsız.*

D) *Nurbiyke tek tuwshaların ǵana bir bólek qoraǵa qamawdı uyǵardı.*

Kásiplik sózler haqqında bilim, kónlikpe hám uqıplılıqqa iye bolıw talap etiledi. ***Kóterem*** sózi sharwashılıqta mallardıń arıqlawı mánisinde qollanıladı. Juwaplarda berilgen gáplerdiń mazmunınan kelip shıqqan halda ***kóterem*** sózi mallardıń arıqlawı mánisinde qollanılǵanlıǵın túsiniwge boladı.

**Durıs juwap: A**

**Derek:** M.Dáwletov hám basq. Qaraqalpaq tili. 6-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2017-j. 31-b.

**4.** Arnawlı sızılmada berilgen sózlerdi dıqqat penen oqıń. Kóp noqattıń ornın kelbetliktiń tiyisli dárejesindegi sóz benen tolıqtırıń.




A) **qıysıq-qıysıq** B) *dım joqarı*
C) *kúshlilew* D) *jiyi-jiyi*

Test tapsırmasın orınlaw ushın kelbetlik sóz shaqabınıń dáreje kategoriyası boyınsha bilim hám kónlikpelerge iye bolıw talap etiledi. Sızılmadaǵı sózler dıqqat penen oqılǵanda barlıq sóz kelbetliktiń arttırıw dárejesine tiyisli ekenligi belgili boladı (biraq olardıń jasalıw usılı hár qıylı). Kelbetliktiń tákirarlanıp keliwinen de arttırıw dáreje kelbetligi jasaladı.

**Durıs juwap: A**

**Derek:** E.Berdimuratov hám basq. Qaraqalpaq tili. 5-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2020-j. 180-b.

**5.** Qaysı gáptegi feyildiń túbiri kelbetlik sóz benen omonim bola aladı?

A) **Qolı ádewir kelisip qalǵannan keyin anasına arnap shıraylı kóylek tikti.**

B) *Qaladan alıp kelgen miywe-shiyweleriniń barlıǵın muzlatqıshqa qoydı.*

C) *Bul eski stanciyadan tún qarańǵısında poezdlar uzın gudok berip ótedi.*

D) *Awılǵa barǵanında japqa shomılıp, tústen keyin kólden balıq tuttı.*

Test tapsırmasın orınlaw ushın juwaplarda berilgen gáplerdegi feyillerdi terip alıw kerek. Máselen: ***tik+ti, qoy+dı, ót+edi, tut+tı*** hám t.b. Mısalǵa alınǵan sózler túbir qosımtalarǵa ajıratılǵanda ***tik+ti*** feyiliniń túbiri kelbetlik penen omonim bola aladı.

**Durıs juwap: A**

**Derek:** E.Berdimuratov hám basq. Qaraqalpaq tili. 5-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2020-j. 62, 187-b.

**6.** Muǵdar-dáreje ráwishiniń iyesi belgili gápte qollanılǵanlıǵın anıqlań.

A) **Baǵana jolda turǵanımda Ábdimuratttı jáne ushıratttım.**

B) *Egisliklerge, jasıl jaylawlarǵa tigilip ádewir mawqın basıp aldı.*

C) *Úyge kerekli zatlardı zıyatıraq alıp qoyǵım keledi.*

D) *Tazadan kelgen xızmetkerge azmaz járdem beriw kerek.*

Ráwishtiń mánisine qaray túrleri hám bir bas aǵzalı gápler haqqında bilim, kónlikpe hám uqıplılıqqa iye bolıw talap etiledi. Is-hárekettiń muǵdarın, belgi yamasa zattıń artıq kemlik dárejesin bildiretuǵın sóz barlıq juwaptaǵı gáplerde ushırasadı. Solay eken, tapsırmanıń ekinshi shártin orınlaw arqalı durıs juwaptı tabıw múmkin. ***Baǵana jolda turǵanımda Ábdimuratttı jáne ushıratttım.*** Bul gáptiń bayanlawıshı I bet birlik sanda tur, sol arqalı baslawıshı (men I bet, birlik san) anıqlanadı.

**Durıs juwap: A**

**Derek:** M.Dáwletov hám basq. Qaraqalpaq tili. 6-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2017-j. 183-b. M.Dáwletov hám basq. Qaraqalpaq tili. 8-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim", 2019-j. 65-b.

**7.** Túpkilikli hám atawısh tirkewishler bir gápte qollanılǵan juwaptı belgileń.

A) **Keleshek maqsetlerim haqqında jol boyı oylap keldim.**
B) *Jaz bolıwdan kóldiń ishinde quslardıń shawqımı azan-qazan.*
C) *Joqarı maǵlıwmat alıw ushın universitetke oqıwǵa kirdim.*
D) *Júdá ashıwlansam da adamlardıń aldında onı uyaltıwdı qálemedim.*

Test tapsırmasın orınlaw ushın tirkewishlerdiń shıǵısına qaray túrleri boyınsha bilim, kónlikpe hám uqıplılıqqa iye bolıw talap etiledi. ***Keleshek maqsetlerim haqqında jol boyı oylap keldim.*** Gápte ***haqqında*** (túpkilikli) hám ***boyı*** (atawısh) tirkewishleri ózlerinen aldıńǵı sózlerge dizbeklesip qollanılǵan.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** M.Dáwletov hám basq. Qaraqalpaq tili. 7-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2017-j. 16-b.

**8.** Úylesiwshi anıqlawıshı atlıqlasqan kelbetlikten bolǵan qaysı mısalda seske eliklewish qollanılǵan?

A) **Jaqsınıń úyine adam kóp keledi, – dedi kelini taq-taq etip.**
B) *Awzındaǵı suwlıǵın shaynap gúldir-gúldir kisnegen atlar bir jerde turmaydı.*
C) *Asxanadaǵı qırǵıshtı kórgende bul kárada jatqanına seziklenip ishi ǵım etti.*
D) *Bul qorqaqtıń zımp etip qashıp ketkenin aytpaysań ba, uyatsız.*

Test tapsırmasın orınlaw ushın juwaplarda berilgen gáplerdi gáp aǵzalarına tallaw kerek boladı. Gáp aǵzalarına tallap bolınǵan soń, úylesiwshi anıqlawıshları atlıqlasqan kelbetlik arqalı bildirilgenligi anıqlanadı. ***Jaqsınıń úyine adam kóp keler, – dedi kelini taq-taq etip.*** Gáptegi jaqsınıń sózine (jaqsı adamnıń) kimniń? sorawı qoyıladı hám ol úylesiwshi anıqlawısh boladı. Bul gáptegi eliklewishke dıqqat bólinedi. ***Taq-taq*** sózi mánisi boyınsha seske eliklewish bolıp esaplanadı.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** E.Berdimuratov hám basq. Qaraqalpaq tili. 5-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2020-j. 171-b. M.Dáwletov hám basq. Qaraqalpaq tili. 7-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2017-j. 75, 116-b.

**9.** Qaysı gápte intonaciya arqalı teń baylanısqan sózler ushırasadı?

A) **Ásirese, jazda, gúzde bul awıldıń kórki basqasha bolıp ketedi.**

B) *Qıysayǵan aǵashlar hám quwraǵan shaqalardı alıp tasladıq.*

C) *Burın telegraf bolǵanı menen onı állekimler buzıp ketken.*

D) *Tústen keyin Azamat penen kitapxanaǵa barıp qayttıq.*

Birgelkili aǵzalar intonaciya hám dizbeklewshi dánekerler arqalı baylanısadı. Intonaciya arqalı baylanısqan birgelkili aǵzalardıń arasına útir qoyıladı. ***Ásirese, jazda, gúzde bul awıldıń kórki basqasha bolıp ketedi.*** Gáptegi ***jazda, gúzde*** sózleri intonaciya arqalı teń baylanısqan.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** M.Dáwletov hám basq. Qaraqalpaq tili. 8-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim", 2019-j. 86-b.

**10.** Atawısh feyildiń basqarıwındaǵı keńeytilgen baslawısh aǵzalı gápti belgileń.

A) **Sıyırlardı qandırıp suwǵarıw hám sútin sawıp alıw Gúlziybanıń ózine qaldı.**

B) *Atızdan qawınlardı jıynaw, telejkaǵa tiyew hám alıp barıp túsiriwge járdem berdi.*

C) *Bilgil, bilim alıw, ilim iyelew hám óner úyreniwdiń erte-keshi joq.*

D) *Sayaxat etiw, kitaplar oqıw, doslar menen oynap-kúliwdi kútá jaqsı kóremen.*

Test tapsırmasın orınlaw ushın juwaplarda berilgen mısallardı gáp aǵzalarına tallaw kerek. Baslawıshtıń dúzilisine qaray túrleri haqqında bilim, kónlikpe hám uqıplılıqqa iye bolıw talap etiledi. Keńeytilgen baslawıshlar atawısh feyildiń basqarıwınan da bildiriledi. ***Sıyırlardı qandırıp suwǵarıw hám sútin sawıp alıw Gúlziybanıń ózine qaldı.***
**Durıs juwap: A**
**Derek:** M.Dáwletov hám basq. Qaraqalpaq tili. 7-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2017-j. 90-b.

**11.** Bayanlawıshı orın sepligindegi kelbetlik feyil arqalı bildirilgen shárt baǵınıńqılı qospa gápte almasıqtan bolǵan qıya tolıqlawısh qollanılǵan juwaptı belgileń.

A) **Mende bul kitap bolmaǵanda, sen de, basqalar da sorawdıń juwabın taba almay qıynalar edińiz.**

B) *Saǵan isenip biykar kútip otıra bergennen, ózim-aq barlıq jumıslardı dóndirip taslayman.*

C) *Meni bunshelli qıstastıra bermegende, basqa balalar da álleqanday sawǵaǵa iye bolar edi.*

D) *Hámmemiz shay iship otıra bergenimizde, poezd bizdi taslap kete beredi eken.*

Shárt baǵınıńqılı qospa gáptiń bayanlawıshınıń bildiriliwi boyınsha bilim, kónlikpe hám uqıplılıq talap etiledi. ***Mende bul kitap bolmaǵanda, sen de, basqalar da sorawdıń juwabın taba almay qıynalar edińiz.*** Gáptiń bayanlawıshı orın sepligindegi kelbetlik feyil arqalı bildirilgen. Betlik almasıǵı ***(mende – kimde?)*** qıya tolıqlawısh xızmetinde qollanılǵan.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** M.Dáwletov. Qaraqalpaq tili. 9-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2019-j. 64-b.

**12.** Tómende berilgen gáptiń túrin anıqlań.
*Alıslarda tańnıń atqanın xabarlap qorazlar qıshqırǵan sayın, uyqınıń mazası kúsheye basladı.*

A) *dánekersiz qospa gáp*

B) *jay gáp*

C) **baǵınıńqılı qospa gáp**

D) *dizbekli qospa gáp*

Test tapsırmasın orınlaw ushın qospa gápler quramındaǵı jay gáplerdiń baylanısıw usılı hám mánisine qaray túrleri boyınsha bilim, kónlikpe hám uqıplılıq talap etiledi.
**Durıs juwap: C**
**Derek:** M.Dáwletov. Qaraqalpaq tili. 9-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2019-j. 48-b.

**13.** Gónergen sózdiń qıya tolıqlawısh xızmetinde kelgen waqıt bağınıńqılı qospa gápti belgileń.

A) **Ǵarrı oshaq basındağı otınlardı taqtaylap otırǵan gezde, kempir oylı názerin átóshkirden úzbedi.**

B) *Biybijannıń aqlıǵı kepshikti alıp kelmesten burın, kelini jayıwshanı jayıp tayarlap qoyǵan edi.*

C) *Onıń esik aldında turǵan gúndege kózi túsip, bolıp ótken kóp waqıyalardı qıyalınan ótkerdi.*

D) *Ógiz arba hám at arba menen bir qatarda xalıqtıń turmısında eshek qosqan arba da qollanılǵan.*

Juwaplarda berilgen mısallar gáp aǵzalarına tallanadı. Ondaǵı gónergen sózlerdiń qaysı gáp aǵzası xızmetinde qollanılǵanlıǵı anıqlanadı. Soraw qoyıw arqalı baǵınıńqılı qospa gáptiń túri anıqlanǵanda durıs juwap kelip shıǵadı. ***Ǵarrı oshaq basındaǵı otınlardı taqtaylap otırǵan gezde, kempir oylı názerin átóshkirden úzbedi.***
**Durıs juwap: A**
**Derek:** M.Dáwletov. Qaraqalpaq tili. 9-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2019-j. 49-b.

**14.** Eyler-Venn diagramması tiykarında tómende berilgen maǵlıwmatlardı sáykeslestiriń.




a) Qaharman Allaniyaz Óteniyazovtı jaqsılıq, sawaplı isler tımsalı sıpatında kóriwge boladı.
b) Shıǵarma mektep oqıwshısı Marattıń tilinen bayanlanǵan.
c) Shet tili muǵalliminiń xalıqqa úlgili isleri sáwlelendirilgen.
d) Povest janrında jazılǵan kórkem shıǵarma.
e) Shıǵarmanı bayanlawshı shaxs avtordıń ózi.

A) **I - e; II - b, d; III - a, c**

B) *I - b, c; II - e; III - a, d*

C) *I - d; II - a, e; III - b, c*

D) *I - a, c; II - d, e; III - b*

Eyler-Venn diagramması tiykarında beriletuǵın test tapsırmaları sáykeslestiriw arqalı orınlawdı talap etedi.
Test tapsırmasında eki epikalıq shıǵarma berilgen. Bul eki shıǵarmaǵa tiyisli maǵlıwmatlardı rim sanlarına sáykeslendirilgen háripler arqalı ajıratıw kerek. Sonday-aq, eki shıǵarmaǵa da tiyisli maǵlıwmat III sanına sáykeslendiriledi.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** K.Mámbetov hám basq. Ádebiyat. 8-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2019-j. 308-b. T.Mámbetniyazov hám basq. Ádebiyat. 9-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2019-j. 161-b.

**15.** Tómendegi gáp qaysı stilde jazılǵanın anıqlań.
*Ayaǵında kók etik. Basında shashaqlı bóz sharshı. Sarı jambılshaday tompayǵan betiniń almasına túsken tulımshaǵı menen oynap, oy ústinde kiyatır.*

A) **kórkem ádebiyat stili**
B) *publicistikalıq stil*
C) *ilimiy stil (terminologiya)*
D) *awızeki sóylew stili*

Kórkem ádebiyat stiliniń ádebiy til stilleriniń basqa túrlerine qaraǵanda ózine tán ózgeshelikleri bar. Kórkem shıǵarmalardaǵı leksikalıq baylıqlar hám grammatikalıq qurallar onıń syujeti hám obrazlılıǵına ılayıq keń qollanıladı. Test tapsırması sıpatında berilgen kishi tekstti oqıp onıń qaysı stilge tán ekenligin anıqlaw ushın sabaqlıqta keltirilgen joqarıdaǵı maǵlıwmattı eske túsiriw maqsetke muwapıq.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** Sh.Abdinazimov hám basq. Qaraqalpaq tili. 11-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2018-j. 85-b.

**16.** Berilgen mısalda qaysı irkilis belgileri túsirilgen?
*Mınaǵan qara ene, qanday ráhát baǵıshlaytuǵın jawın deyseń-á! Qaray qoysa endi, qanday móldir jawın bul!*

A) **útir, sızıqsha**
B) *sızıqsha, tırnaqsha*
C) *útir, qawıs*
D) *kóp noqat, úndew*

Irkilis belgilerinen sızıqsha hám útir belgileriniń qollanılıwı boyınsha bilim, kónlikpe hám uqıplılıq talap etiledi.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** M.Dáwletov. Qaraqalpaq tili. 9-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2019-j. 108-b.

**17.** "Alpamıs" dástanında qaysı obraz tilinen aytılǵan qatarlar?
*Ay qarańǵı kórinip tur kózlerge,*
*Sawıtlar jetpeydi igri dizlerge,*
*Qońırattan bir jigit kelip tur izlep,*
*Eglenbey súyinshi beriń bizlerge.*

A) **Qarajan** B) *Kókaman*
C) *Shekaman* D) *Áshim*

Dástannan alınǵan úzindi Qarajannıń tilinen bayanlanǵan. Qarajan Alpamıs penen tawda gúresip jeńilgennen soń, Gúlparshınǵa Alpamıstıń kelgenin, onıń menen dos bolǵanın bildirip, súyinshi sorap dálil keltiriwleri berilgen epizodlar arqalı biliwge boladı.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** K.Palımbetov hám basq. Ádebiyat. 6-klass ushın sabaqlıq-xrestomatiya. Nókis. "Bilim" baspası, 2017-j. 49-b.

**18.** Tómendegi qatarlarda qaysı qaharman haqqında aytılǵan?
*Jılqı semiz bolǵanda,*
*Asırandı ulıńız,*
*Jılqı arıq bolǵanda,*
*Satıp alǵan qulıńız.*

A) **Edige** B) *Qoblan* C) *Máspatsha*
D) *Sháryar*

Berilgen úzindi Edige haqqında aytılıp atırǵanın, dástandaǵı Toxtamıs xannıń wáziri Toman xojanıń shorısı tawıp alǵanı, balaǵa Edige dep at qoyılıp, xannıń jılqımanı sıpatında úlkeye bergeni haqqındaǵı epizodlar arqalı biliwge boladı.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** K.Mámbetov hám basq. Ádebiyat. 7-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2017-j. 23, 45-b.

**19.** Qaraqalpaq xalqınıń Túrkstannan Xorezmge kóshiw waqıyasın sóz etiwshi shıǵarma qaysı juwapta berilgen?

A) **"Posqan el"**
B) *"Xalıq qáytip kún kórer"*
C) *"Júregimde kóp daǵım"*
D) *"Aldı-artım biyik jar"*

Jiyen jırawdıń dóretiwshiligi boyınsha bilim, kónlikpe hám uqıplılıqqa iye bolıw talap etiledi.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** K.Mámbetov hám basq. Ádebiyat. 7-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2017-j. 188-b.

**20.** XIX ásirde Molla Moyın tárepinen qaraqalpaq tiline awdarılǵan kitap qaysı juwapta berilgen?

A) **"Shaxnama"**
B) *"Al asar albakiya al alkuran al xaliya"*
C) *"Avesto"*
D) *"Gúlistan"*

Abilqasım Ferdawsiydiń "Shaxnama" shıǵarması menen baylanıslı maǵlıwmatlardı biliw talap etiledi.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** K.Mámbetov hám basq. Ádebiyat. 7-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2017-j. 245-b.

**21.** Xalıqtıń bir wákili sıpatında soralǵan tómendegi úsh ótinish qaysı dóretpede berilgenin anıqlań.
*Birinshi – puldıń qádirin kóbeyt.*
*Ekinshisi – xalıq ushın zárúr bolǵan ádalatlı zańlardı shıǵar.*
*Úshinshisi – jollardı qaraqshılardan qorǵa.*

A) **"Baxıtqa baslawshı bilim"**
B) *"Haqıyqatlar sıylıǵı"*
C) *"Diywanı Hikmet"*
D) *"Devani lugatit at-túrk"*

Yusup Has Hajıptıń "Baxıtqa baslawshı bilim" shıǵarması boyınsha bilim, kónlikpe hám uqıplılıqqa iye bolıw talap etiledi.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** K.Mámbetov hám basq. Ádebiyat. 7-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2017-j. 136-b.

**22.** Óz dóretpelerinde "Jaz kúnlerim boldı gúzek" degen metonimiya arqalı óziniń awır keshirmesin, "Tapqanım jetpey jutımǵa" degen litota arqalı adam miynetiniń arzanlıǵın kórkem sáwlelendirgen shayırdı anıqlań.

A) **Kúnxoja Ibrayım ulı**
B) *Berdaq Ǵarǵabay ulı*
C) *Ótesh Alshınbay ulı*
D) *Ájiniyaz Qosıbay ulı*

Kúnxoja shayır dóretiwshiligi boyınsha bilim, kónlikpe hám uqıplılıqqa iye bolıw talap etiledi.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** K.Mámbetov hám basqa. Qaraqalpaq ádebiyatı. 10-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2017-j. 73-b.

**23.** *Mańlayıńnan aǵızıp ter,*
*Jaqsı-jamandı sınap kór,*
*Jaqsı adamnıń keynine er,*
*Sonda jolıń bolar, balam,* – degen qatarları bar Berdaq shayırdıń "Balam" qosıǵı juwaplarda berilgen qaysı mazmundaǵı qosıqlar toparına kiredi?

A) **didaktikalıq** B) *filosofiyalıq*
C) *muhabbat* D) *muń-sher*

Berdaq shayır dóretiwshiligi boyınsha bilim, kónlikpe hám uqıplılıqqa iye bolıw talap etiledi.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** K.Mámbetov hám basq. Ádebiyat. 8-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2019-j. 124-b.

**24.** Omar shayır óziniń qaysı qosıǵında Qazalıda kúni-túni tınbay on segiz adam bolıp jumıs islegenligin, zalımlardıń tamaq bermegenligin sóz etedi?

A) **"Ne payda?"** B) *"Ayırsha"*
C) *"Elim"* D) *"Kerek emes"*

Omar shayır dóretiwshiligi boyınsha bilim, kónlikpe hám uqıplılıqqa iye bolıw talap etiledi.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** K.Mámbetov hám basq. Ádebiyat. 8-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2019-j. 169-b.

**25.** "Bağdagúl" dramasınıń avtorı kim?

A) **S.Májitov** B) *Á.Ótepov*
C) *Q.Áwezov* D) *J.Aymurzaev*

S.Májitov dóretiwshiligi boyınsha bilim, kónlikpe hám uqıplılıqqa iye bolıw talap etiledi.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** K.Mámbetov hám basq. Qaraqalpaq ádebiyatı. 10-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2017-j. 161-b.

**26.** Juwaplardan Á.Ótepov dóretiwshiligine tiyisli mağlıwmattı tabıń.

A) **Dramaturgtiń "Gúman" pyesasında Murattıń gúmanshıllığı, usınıń aqıbetinde hayalınıń ólimine sebepshi bolıwı sóz etiledi.**
B) *Dramaturg "Árman" pyesasında qaraqalpaq xalqınıń batır ullarınıń biri Ernazar alakóz obrazın dóretedi.*
C) *"Kim bilmeydi Ayshanı" qosığında Aysha sıyaqlı san mıńlağan qaraqalpaq qızlarınıń jańa internatta bilim alıp, óner úyrengenligi jırlanğan.*
D) *Shayırdıń ağartıwshılıq oy-pikirleri "Oqıwğa kel", "Inan mákkam", "Óner bilim" qosıqlarında bayıtıp barıladı.*

Á.Ótepov dóretiwshiligi boyınsha bilim, kónlikpe hám uqıplılıqqa iye bolıw talap etiledi.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** K.Mámbetov hám basq. Qaraqalpaq ádebiyatı. 10-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2017-j. 141-b.

**27.** Ǵárezsizlik jıllarında dóretiwshilik etken A.Sultanovtıń "Dóhmet" romanı boyınsha qaysı mağlıwmat durıs?

A) **Allayar Qoraz ulı Dosnazarovtıń tariyxıy tágdiri oğada bir shınlıq penen kórkem sáwleleniw tabadı.**
B) *Qaraqalpaqlar arasınan shıqqan dáslepki isbilermenlerdiń biri Lepesbay obrazı jaratılğan.*
C) *Jalğas Nazarovtıń ádalatsızlıq ústinen jeńisleri qızıqlı syujetke qurılğan.*
D) *Abdulla axunnıń basshılığında qaraqalpaq jaslarınıń Buxara, Xiywa medireselerine barıp bilim alıwları, xalıqtı sawatlandırıw ushın etken xızmetleri gáp boladı.*

A.Sultanovtıń dóretiwshiligi boyınsha bilim, kónlikpe hám uqıplılıqqa iye bolıw talap etiledi.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** K.Allambergenov hám basq. Qaraqalpaq ádebiyatı. 11-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2018-j. 216-b.

**28.** Arqashtağı kólge kelip, uzaq oylanıp otıratuğın ulın duwalamawın sol kólde bar dep isengen suw perisinen soranğan ana obrazı qaysı shığarma syujetinde ushırasadı?

A) **"Búlbúl uyası"**
B) *"Muğallimge raxmet"* C) *"Jiyren"*
D) *"Jámiyla"*

I.Yusupovtıń "Búlbúl uyası" poemasınıń syujetin biliw talap etiledi.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** I.Yusupov. Tańlamalı shığarmaları. III tom. Nókis. "Bilim" baspası, 2018-j. 319-b.

**29.** *Zalım urıs! Atıń óshsin!*
*Sen sebepli kewil jara.*
*Kóp úylerde sen sebepli,*
*"Áke" sózin bilmes bala,* – dep urıstıń jaman aqıbetlerin óz qosıǵında ashıp bergen shayırdı belgileń.

A) **Zulfiya** B) *A.Aripov*
C) *Muhammed Yusuf* D) *E.Vahidov*

Zulfiya shayırdıń dóretiwshiligi boyınsha bilim, kónlikpe hám uqıplılıqqa iye bolıw talap etiledi.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** K.Palımbetov hám basq. Ádebiyat. 6-klass ushın sabaqlıq-xrestomatiya. Nókis. "Bilim" baspası, 2017-j. 229-b.

**30.** Berilgen tapsırmalardı teksttegi tiyisli mısallar menen sáykeslestiriw arqalı orınlań.

| Tapsırmalar | Tekst |
|---|---|
| 1. Kómekshi sózdi tiyisli seplik qosımtası menen almastırǵanda stillik qátelik bolmaydı.<br>2. Tabu sózler qollanılǵan.<br>3. Stillik jaqtan almasıqtı *tayda tuyaq qalmay* turaqlı sóz dizbegi menen almastırıp qollawǵa boladı. | **(a)** Adamlar búgingi qutlı merekege japtıń payapılınan sap dizilisip ótpekte. **(b)** Sebebi bul awılǵa tek usı payapıldan baslanatuǵın soqpaq arqalı keliwge boladı. **(c)** Olardıń arasında Tazagúl de bar. **(d)** Awıldaǵı jası úlken erlerdi qaynaǵa, kishilerin mırzaǵa dep bárha sıylaytuǵın bul kelinshek qosıq ta aytadı. **(e)** Ol báhárdiń jipek samalına ún qosıp, álle qosıqtı qızlar menen aytıp kiyatır. **(f)** Kózdi ashıp jumǵansha biy babanıń toyına hámme jıynaldı. |

A) **1-b, 2-d, 3-f** B) *1-a, 2-e, 3-c* C) *1-e, 2-f, 3-a* D) *1-c, 2-b, 3-d*

Keste túrinde berilgen sáykeslendiriw arqalı orınlanatuǵın test tapsırması.
Test tapsırması til biliminiń stilistika tarawı boyınsha berilgen. Test tapsırmasın orınlaw ushın leksikalıq hám grammatikalıq stilistika boyınsha bilim, kónlikpe hám uqıplılıq talap etiledi.
Tapsırmalar tekst tiykarında orınlanadı. Arab sanlarında kórsetilgen tapsırmalarǵa sáykes durıs juwaplar tekstte qawısqa alınıp kórsetilgen háripler arqalı anıqlanadı.
Hárbir tapsırma ushın altı háripten tek bir hárip penen kórsetilgen gápte juwap boladı.
**Durıs juwap: A**
**Derek:** E.Berdimuratov hám basq. Qaraqalpaq tili. 10-klass ushın sabaqlıq. Nókis. "Bilim" baspası, 2017-j. 31-95-b.